

# Sipòte lang ak alfabetizasyon

## 7 an: Sipòte fasilite nan lekti

Lè yon moun kapab li tèks avèk presizyon, ak yon vitès ki apwopriye, epi ak ekspresyon, yo rele sa fasilite. Menm jan ak nenpòt ladrès, ogmante fasilite pran tan ak pratik.

### Konsèy ak Aktivite



Kite pitit ou pratike lekti nan liv ki yon ti jan difisil. Li ta dwe toujou kapab rekonèt 90% mo yo san okenn èd.

Ankouraje pitit ou mete entonasyon ak aksan espesyal pandan li ap li awotvwa.



Ankouraje pitit ou li awotvwa dousman, byen fò, epi klè.



Fè pitit ou reli liv pi renmen li oswa pasaj li renmen yo awotvwa.

Jwe jwèt: Premye son yo Di yon mo epi lonje l. Mande ki son yo tande an premye. Ranfòse son sa a ak lòt mo ki kòmanse ak menm lèt ak menm son an. Pa egzanp: Hat → “Hhh aaa ttt.”



## Etap tipik langaj

Konnen epi aplike relasyon ki genyen ant son ak lèt pou li dekode mo ki koresponn ak nivo klas li

Dekri estrikti jeneral yon istwa—soti nan kòmansman rive nan mitan epi rive nan fen

Kòmanse li ak presizyon, ak vitès ki apwopriye, epi ak ekspresyon

Rakonte istwa oswa eksperyans ak detay pandan li ap pale klè

Patisipe nan konvèsasyon ak rete sou sijè prensipal la

# Deteksyon bonè se entèvansyon

Pitit ou ap aprann tout tan! Antanke moun k ap pran swen, ou gen yon bèl okazyon pou gide yo sou yon chimen ki mennen nan siksès. Si ou remake pitit ou gen difikilte ak yon ladrès, li pa rive atenn plizyè etap enpòtan, oswa si ou santi gen yon bagay ki pa twò nòmal, pale ak founisè swen sante pitit ou a.



**Kèk konsèy pou ede ou menm ak pitit ou reyisi lè w ap pale ak founisè swen sante li a:**

**Kenbe yon journal**

Ekri bagay ou remake pitit ou ap fè, oswa li pa fè, ki fè ou santi ou enkyete.

**Sèvi ak resous ou yo**

Eksplòre sitwèb ki nan lis pi ba yo pou jwenn lis etap enpòtan yo, lis siy avètisman bonè, videyo, ak plis ankò.

**Fè entwisyon ou konfyans**

Se ou ki pi byen konnen pitit ou e ou se pi bon moun ki ka defann li. Pa pè pran lapawòl.

**Lòt resous**

[Pathways: Kominikasyon](#)

[Harvard University: Center on the Developing Child](#)

[Cox Campus](#)

[The Basics](#)

[Etap enpòtan CDC yo](#)